ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№171 (22.579) • 2013 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 4, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail1.ru adyghepsale.ru

Кавказым щыIэ хэкIыпIэхэр къагъэсэбэп

Нобэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъарым кIэртIофрэ хадэхэкIыу езыр зыхуеинум хуэдиз къелэжьыж. Щ1ыналъэм зэуэ турист мин 15-м зыщагъэпсэхуфынущ

*Къэбэрдей-Балькъарым зыхуеугъэхъэжьу дызэхъуэкIуэ бжьыхьэм экономикэм пылIауэ екIуэкIыну Iуэху нэхъ ин дыдэм - фокIадэм и 26-м кьиуэIуэхыну «Сочи-2013» XII дунейпсо инвестицэ зэIущIэшхуэм - зэрыхэтынум. КъБР-м и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен кьыхэзгъэзыджIамкIэ, ар делегацэм и пашэу щытынущ; тендмэз ФIыцIэ Iуфэм Къэбэрдей-Балькъарым куэдкIэ узыщыгугъын инвестицэ проект зыбжанэ утыку кьыщрихьэнущ, апхуэдизу зыдэлажьну лъэныкъуэхэм зэгурыIуэныгъэхэр ярищIыпIэнущ. Кьанокъуэ Арсен «РГ»-м и корреспондентыр щыгъуазэ ящIащ республикэ бюджетым кьыIэрыхьэ дотацэхэр гъэмэщIэным хуэгъэзауэ зэфIагъэкIхэм, апхуэдизу щыналъэм и курорт-турист Iэнатlэм зегъэужьыныкIэ зыхуэплъэхэм.

Кратынум щымыгугъын папщIэ

- КъБР-м кьыIэрыхьэ дотацэхэр гъэ кьэс нэхъ мащIэ мэхъу. Макроэкономикэ бжьыгэ нэхъыщхьэхэр зэпымыуэ efIакIуэ зэпытщ. Псори дыз1эрыщыгъуаз эщи, 2012 гъэм кьриIуэхэм япкь иткIэ республикэм и промышленностым кьилэжьар абы япэ ита ильэсым елытауэ процентI 106,8-рэ мэхъу. Ар кьэралым щынэхъыфI бжьыгэхэм ящыщ. Апхуэдизу Iуэхуэхэр зэвгъэхъулIэн папщIэ сыт хуэдэ Iэмалхэр кьэвгъэсэбэпрэ?

- Ильэс зыбжанэ льандзрэ Къэбэрдей-Балькъарыр яхэтыжькъым Урысейм и щынальэхэу егъэлеяуэ дотацэ куэд зыхуахахэм. Сэ 2005 гъэм и фокIадэ маэзм республикэм и Iэтащхьэу сагъэуваущ. Абы щыгъуэ финанс Iуэхуэхэр хуабжьу зэкIэлыкIуэт. Бюджет Iэнатlэм лэжьапщIэмкIэ щыхуэунэ мелуан 700-м щигъу щызэтрихьат, кьэралкIуэцI щыхуэхуэри сом мелиард 1,9-рэ хьурт, абы щыгъуэми бюджетым и хэхъуэхэм щыщыу республикэм кьиэзэригъэпэщыжьыфыр ерагакIэ сом мелардищым яхунэгъэзу арат. Бюджетыр гъэзэщIэным, абы и хэхъуэ, хэщI Iыхьэхэр убзыхьным, кьэралкIуэцI щыхуэхэр зэблэгъэжьным пыщIа Iуэху псори Iэрызехьэт. ИпэжьпIэкIэ кьэбгъэлъагъуэмэ, абы щыгъуэ финанс Iуэхуэхэр хуабжьу зэкIэлыкIуэт. Бюджет Iэнатlэм лэжьапщIэмкIэ щыхуэунэ сом мелуан 700-м щигъу щызэтрихьат, кьэралкIуэцI щыхуэхэри сом мел

Кавказым щыIэ хэкIыпIэхэр къагъэсэбэп

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

- Къэбэрдей-Балькъэрым зегъэужьыныжьмкIэ нэхьапэ игъэщIапхъэ унэтIыныгъэхэр сыт къэзыхэр?

- Ди зыужьныигъэм екъэлIауэ нэхьапэ игъэщIапхъэ щыIэхэр къыщыгъэпьетыуад 2025 гъэм нэсыху Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьныигъэм и стратегиемрэ 2030 гъэм нэсыху КъБР-м зегъэужьыныжьмкIэ стратегиемрэ. А документтхэм япкъ иткIэ зэхалъхьэри, кIаштащ 2012 - 2015 гъэхэм республикэм и социально-экономикэ зыужьныигъэм и программэр. Абы япэ щрагъэщхэм ящыщщ турист кластерым зегъэужьыныр, мэкъумэщ сырыем елэжьыныр и лъабжьэу агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр, псэупIэхэр зыубгъуауэ ухуэныр. Гульытэ хэха худощ республикэм зегъэужьыныжьмкIэ стратегие мыхьэнэ зиIэ Iэухуэхэмэ: ухуэныгъэм ираухэIэ материалхэр технологие лъагэхэр и лъабжьэу къыщIэгъэкIыным, электрокъару къэлжьыным.

- Уэ щIэх-щIэхыурэ къыхьыбогъэщ туризмэр Къэбэрдей-Балькъэрым и дамыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу зэрыщытыр, Пэж дыдэу, республикэм хеубыдэ Европэм и щыгъ нэхъ лъагэ дыдэ Iашхьэмахуэ, щIыналъэм зыхухэбгъэдэн щымыIэ псы хущхьуэхэр къыщыщIэк. АтIэ курортрекреацIэ комплексым зегъэужьыным и лъныкъуэкIэ сыт влэжьрэ?

- 2012 гъэм КъБР-м цыху мин 200-м нэблагъэм зыщагъэпсэхуащ, мин 15-р нэгъуэщI къэралхэм щыщIэ. Иджыпсту республикэм ихъуэгъэблагъэбгъэныщ туристрэ зыгъэпсэхуакIуэ мин 15-м нэблагъэ. КъБР-м турист, курорт-рекреацIэ комплексым и Iухуэщапlэу реестрым 221-рэ къыщыщIэлъэгъуащ, абы кьыдэкIуэу, мы илъэсхэм нэхъыбэ мэхъу апхуэдэ Iухуэщапlэхэр. Иужьрей зэманым къриубыдэу турист инфраструктурэм и Iэнатlэу 39-рэ лажьэу яутIыщащ, иджыри 70 хуэдизу яухуэ.

«Налшык» курортым и закъуэш йод, бром, сероводород, азот псы хуабэхэмрэ гидрокарбонат-нартий зыхъэль псы дIэIуэхэрэ зэщIыгъуу зиIэ микэр кыдахыжьыну узыщыгугъ хьуну Iэнатlэ нэхъыбэхьэхэм ящыщщ. Мэкъумэш хозяйствэм ыпхьэхэр хэха иIэщ. КъБР-м щыпсэухэм ящыщу тIу кьэс ещанэм и Iуэхур efIэкIуэныжьмкIэ. А продукцэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал кIуэцI валовэ 300-р щыщIэу щыщы-гъэпсщ, кьурш щыналъэм и апхуэдэ фIыгъуэшхуэхэр нэгъэсауэ иKи сэфэн пылъ кьэзгъэсэбэн хуейщ щыхуэхэм я узынщагъэр егъэфIэкIуэн и Iэныкьуэкlэ.

Кьэралым и Iэтащхьэхэм я унафэкIэ, зыхуэфащэ федеральнэ программэм хагъэхьащ «Налшык» курортым мелард куэд зи уасэ и хьугъуэфIыгъуэхэр кьыщэрагъэсэбэпыну щыкIэр. Зыхуэбгъэдэн щымыIэ efIэкIыныгъэхэр, щIэнащагъэр егъэфIэкIуэныжьмкIэ Iэмалхэр зэриIэм и фIыщIэкIэ, КъБР-м и кьалащхьэ псы хущхьуэхэмкIэ узыфэ куэд щагъэхьуж курорт хьущ. Кьэралым и дэIэпыкъуныгъэ игъэуэтрэ зыхуэфащэ инвестициэхэри хуахямэ, мы курортыр дунейпсо мыхьэнэ иIэу пхуэзэтеухуэнущ.

**«Налшык» курортыр федеральнэ программэм зэрыхагъэхьащ эффIэкI инхэр кьыхэIуех сыт и лъныкъуэкIи тэмэму лэжьэфIи, щIэупщIэшхуэ зиIэн, цыхуэхэм я узынщагъэр егъэфIэкIуэныжьмкIэ Iуэхуэхьбэ нэгъэсахэр зэрпхэзыгъэкIыфын санаторэкурорт комплекс зэтегъэуэвэныжьмкIэ. Кьэралымрэ цыху щхьэхуэхэмрэ я мылькур зэгъэуфуауэ курортым зегъэужьыным трагъэIуадэмэ, республикэм дэнэ щIыпIи щIэпщIэм хэхъуэнущ, абы и инвестицэ щытыкIэр efIэкIуэнущ.

ЩIыр къазэремэщIэкIырщ жыг хадэхэр щIыхасэр

**- Щыналъэм и экономикэм и зэхэлъыкIэм къегъэуф иджырей технологиехэр нэхъ зыубгъуауэ агропромышленнэ комплексым хихыбыдэ предприятиэхэр зэпымыууэ жанIуэ дунейпсо, урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм иKи ди ерыскъыпхъэхэм щIыхь тхыльхэр, медалхэр кьыхуагъэфащэ. Ар аргуэру зэщIыкIэ тохьуэ ди мэкъумэш хозяйствэр зэманым кьигъэувхэм къазэрыкIэрымыхум, абы иджырей технологиехэр кьыхэзыриГъэсэбэпым.

Зэманым пхъэшим тещIыхьауэ дэ диIэ стратегие мурадхэм япкъ иткIэ, иджырей технологиехэр кьыщагъэсэбэп агропромышленнэ комплекс лъэщ зэтедгъэувэнщ. Нобэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балькъэрым кIэртIофрэ хадэхэкIыкIэу езым хуриКъужьнум хуэдизкърехьэлIэ.

- Республикэр прогушхуэ пасэу кьыхьыпIкIэ жыг хадэхэр зехьэн и лъныкъуэкIэ иIэ екъулIэныгъэхэм. АтIэ агропромышленнэ комплексым и Iэнатlэм хиубыдэу а Iуэхум нэхъ щIегугъум и щхьэусыгъуэр сыт?

- Кавказ Ищхьэрэм и адрей республикэхэмри хуэдэу, КъБР-м щыр кьыщэрагъэщIэкIыр гурЫуеIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Бапмэ щыгъуэм и деж мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыныжьмкIэ эхкIыпIэ нэхъыщхьэр щыр зэрызехьэ технологиехэр егъэфIакIуэу абы кьытым хегъэхъуэнырщ, апхуэдэу гушIэдэкIым кьыпэкIуэ хьерыр кьэзытыныщ. Мис апхуэдэ хэкIыпIэхэм ящыщ пащу пасэу кьыхэпIкIэ жыг хадэхэр хэсэныр. АтIэмри, ди республикэм и щIыналъэм и щытыкIэмрэ щIым и зэхэлъыкIэмрэ хуабжьу хуокIуэ пхъэщхьэмыщхьэ бэв кьэгъэкIыным.

Щэч кьытедмыхьэжу жьытIэ хьунущ пхъэщхьэмыщхьэ кьэгъэкIыныжьмкIэ зыхуеину Iэмал псори республикэм зэрыщызэтеувар. Иужьрей ильэситхэм кьриубыдэу ди деж пасэу кьыпыпкIэ жыг хадэу гектар 2300-рэ щыхасащ, зэрыщыту Урысейм щыIэкъым апхуэдизу зыхуэзэфIэкIа. Уней лъапсэхэр хэмыту, жыг хадэхэр хэсэным мэкъумэш Iуэхущапlэу, щхьэзакъуэ хъэрычэтыщIэу елэжьхэм я бжыгъэр 50-м щегъу. Мы Iэнатlэм и техникэ лъабжьэри зэтоуэф. Италием кьраша технологиехэм тету, питомникхэр гектари 125-м щыхасащ иKи абыхэм жыгыщIэу мелуани 3-м нэблагъэ гъэкъэ хадэщIэхэр зэрыхэмхэм ирашэфынущ. Кьэралым щыпэу ди деж кьыщIэхуакIуэ жыг хадэхэмрэ жызым хадэхэмрэ кьыщагъэсэбэпыну бетон пкъэхэр кьыщIэзыгъэкI завод.

Кьэралым и щIыналъэхэм ящыщу КъБР-м и закъуэ щыпхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэ-кIымрэ яхьуэмэн папщIэ пластикым кьыхэщIыкIа ашыкхэр кьыщыщIагъэкIыр, апхуэдэу мыгувэу ящIу щIадзэнущ хадэхэр хуэм щызыхьуэмэ хъарэхр. Абыхэм ящIыгъуу яухуэ иджырей пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI хьуманIэхэр. Республикэм щрагъажьэ пасэу кьыщыпкIэ жыг хадэхэм елэжьыну Iэщагъэлэпхэр.

Инвестицэхэм я «сэхьр» быдэу щытынущ

- 2013 гъэм КъБР-м сыт хуэдэ инвестицэ проектхэр щагъэхьэщIэну?

- Псом зэпыу кьэгъэльэгъуапхъэщ полимер кьэбзэхэр кьыщIэзыгъэкI «Этана» заводыр уухуэнырэ (абы и хьуреягъкIэ экономикэ щыналъэ хэха кьыщэрагъэпэщIну я мурадщ промышленностым и Iуэхущапlэхэр хиубыдэу) Кавказ Ищхьэрэм и турист кластерым хиубыдэу бгы лыжэ курортхэм зегъэужьынымрэ. А проектитIыр дяпэ илъэс куэдкIэ республикэм и зыужьныигъэр зыхуэунэтIа «сэхьы» уВынущ. Экономикэм и Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм - промышленностым, агропромышленнэ комплексым, туризмэм псынщIэу заужьныжьмкIэ лъабжьэр зэтеувад.

- КъБР-м иригъэкIуэкI промышленнэ политикэм и унэтIныгъэ нэхъыщхьэхэр сыт хуэдэ?

- Ди промышленнэ политикэм и стратегие нэхъыщхьэр зыхуэунэтIар сырыем елэжь Iэнатlэхэм иджырей технологиехэр и лъабжьэу зегъэужьыныр, щIынагъэм и кьэхутэныгъэщIэхэмрэ иджырей инновацIэ лэжьэкIэмрэ кьэгъэсэбэпыным зэпымыууэ хуэкIуэнырщ.

СыэрелпымкIэ, КъБР-м и промышленностым хуэзэфIэкIынур нэхъыбэу зэлъытар фIагъри уасэри тэмэму щыIэпэлъыта Iэнатlэхэм зегъэужьынырщ. Сэ иджыпстуи лъныкъуэ езэгъэзакъым Къэбэрдей-Балькъэрыр Урысейм и щIыналъэ нэхъ зызыужьа дыдэхэм ящыщ сщIыну сиIэ мурадышхуэр, абы кьыхэжьыу кьарууэ эбгъэдэлъар ecхьэлIэнущ ар гъэзэщIа хуэным папщIэ.

«Российская газета» газет, №6169 (193), 2013 гъэм щыщхьэуфым и 29-м.

Илъэситхум кьриубыдэу хуэди 2-м нэскIэ

КъБР-м Экономикэ зыужьныигъэмкIэ и министерствэм кьызэрибжамкIэ, мы гъэм и ныэ мазихым республикэм ику ит ухуэрэ сом 17293-рэ, мэкъуаущхуэ мазэм 18753-рэ щыхъуащ. Къыщыгъэ, 2008 гъэм зэрыхъуу щыта сом 9034-м елытауэ, иужьрей илъэситхум кьриубыдэу абы хуэдитIым нэскIэ хэхъуащ.

ЕЭЩIАГЪЭЛIХЭМ гу зэрыльатащIу, бюджет Iуэхущапlэхэм я улахуэм нэхъ псынщIэу щыхэхьауад. УФ-м и Президентым кьазэрыхуэгъэувам тету, егъэджэныгъэм, узынщагъэр зыхуэмэным, щинхабзэм я Iэнатlэхэм я хэхъуэхэр мазих кIуам ику ину процент 30 - 35-кIэ кьыщалIэтащ.

Экспертхэм кьазэрапылъагъэ, 2013 - 2018 гъэхэм социальнэ Iуэхущапlэхэм абыхэм аргуэру хуэди 2,5-кIэ щыхэхъуэщу иKи ину процентыкIэ кьыщаухьым нэсынущ.

- Бюджет Iэнатlэхэм улахуэм зэрыщыхагъахьхуэм и фIыгъэкIэ, псэун папщIэ зыхуейм нэхъри нэхъ мащIэ фIэкIа кьэзымыхь щIыхухэм я бжыгъэм зэрыкIуащ экономикэ зыужьныныгъэмкIэ министр Мусуков Алий.

ЦIыхуэхэм ахъшэ нэхъыбэ зытыгъэхIуадэр зыхуэпшынэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэщ. Абыхэм щIатым процент 12,9-кIэ хэхъуащ иKи ину мелард 48,6-м нэсащ. ЖКХ-м и Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэм зэрыхэхъуэри кьыхэсIэщыпхъэщ. Ахэр нэхъ хуэмыщIахэм кьатемыхьэлъэн щхьэкIэ, КъБР-м и Правительствэм Унафэ хэха кьыдигъэкIащ. Абы ипкъ иткIэ, ЖКХ-м хуэзэр ягъэмэщIэну зыхуит пщалъэр пенсионерхэм папщIэ процент 15-м кьыщыщIэдзауэ 12-м нэскIэ ирагъэхащ. Республикэ бюджетым и кьыхьбэ щыхэхъуэхэм эрадзэIэпыкъуну щыкIэр ягъэбелджылащ.

- Властым и кьудамэ псоми ЖКХ-м и Iэнатlэхэм гулыитэ хэха хуащIыпхъэщ. Сыту жыIэмэ, я зэгъэзэщ псэукIэр абыхэм кьыгуэхьпIэ имыIэу пыщIащ. Цыхуэм итын хуейр кьигъэсэбэпым хуэзэщ. Уасэхэм хэмыхъуэу текIуадэр бгъэмэщIэн щхьэкIэ, а Iуэхур тэмэму зэтеуэхун хуейщ, - кьыхурэщащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэ Арсен.

«Российская газета», 2013 гъэ, щыщхьэуфым и 29-м

Иджырей зэманым куэдрэ узримыкIэлIэ Iуэхущ КъБР-м щекIуэкIыр: къэралым и щIыналъэ куэдым кьуажьэдзэхэр нэхъ мащIэ щыхъуащ, республикэм и кьуажьэм зауж зэпытщ. 2006 гъэм КъБР-м и цыхуэхэм ящыщу кьуажьэдзэхэр цыху мин 370-рэ хьауэ щытIащ, 2012 гъэм и щыщыIэм цыхуэхэр кьиззрыхатхыкIам кьиззрригъэлъэгъуамкIэ, ахэр мин 393-м нэсащ.

ЭКСПЕРТХЭМ зэрыжаIэмкIэ, ар кьыщыхэкIар агропромышленнэ комплексым ехьэлIауэ кьэралым иригъэкIуэкI политикэм зэрыхихъуэжарщ. 2020 гъэм нэсыху КъБР-м и кьуажьэхэм гъэжьалIэ Iэнатlэщ зиIэ мин 50-м щигъу къыщыщIэуаху я мурадщ.

Мэкъумэш Iэнатlэм республикэм исхэм ящыщу процент 22-р щолажьэ (абыхэм езыхэм я уней лъапсэхэр зезыхьэхэр яхэмыту). Мэкъумэш Iэнатlэм ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI Iуэху нэхъыщхьэхэр зыхуэунэтIар хозяйствэ мыинхэр кьызэрэпэщIыщыр. Абыхэм трагъэкIуадэ кьэралэ дэIэпыкъуныгъэм и процент 90-м щигъур.

Прохладнэ районым щыпсэу Iэдэмокъуэ Хьэсэн кьэралым и дэIэпыкъуныгъэкIэ лъэ быдзкIэ ува фермерхэм ящыщщ. Езыр щалъхуа Алтуд кьуажэм абы дещIыхь сом мелуан 200 зи уасэ Iэщ комплекс. Мазэ зыбжанэм кьриубыдэу псэуалъэитI хьэзыр ящIащ, выщIэ лъэпкъыфIу зы гуп кьащэхуащ. Iэщ комплексым хэтщ Iус хьумапlэ, Iус зэхэпхъэр щагъэхьэзыщ цех. Iэдэмокъуэр иджыблагъэ Италием кIуэри, Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьыхурагъэшэну ягурыIуащ. Мы комплексыр зэтеуа нэужь, абы кьуажэдзэхэм ящыщу цIыхуэ 100-м щигъу щылэжьэнущ.

Апхуэдэ щапхъэхэр кIуэзэу хэхъыбэ мэхъу. 2012 гъэ лъандэрэ КъБР-м щагъэзащIэ «Агропромышленнэ комплексым зыубгъуауэ зегъэужьыныжьмрэ абы къэрал дэIэпыкъуныгъэ етыныжьмкIэ концепцэр». Ар зытеуухар дэтхэнэ зы уней лъапсэрэ лэжьапIэ Iэнатlэ щыныщ, Iэмал зэриIэкIэ, цIыху нэхъыбэ хьэрычэт Iуэхум кьыхэзыхьэныщ.

«Урысейм ИэнэкIыным и хозяйствэмкIэ и академиемкIэ и щIыналъэ зэрыщыIэ Iуэхущ КъБР-м щекIуэкIыр: къэралым и щIыналъэ куэдым кьуажьэдзэхэр нэхъ мащIэ щыхъуащ, республикэм и кьуажьэм зауж зэпытщ. 2006 гъэм КъБР-м и цыхуэхэм ящыщу кьуажьэдзэхэр цыху мин 370-рэ хьауэ щытIащ, 2012 гъэм и щыщыIэм цыхуэхэр кьиззрыхатхыкIам кьиззрригъэлъэгъуамкIэ, ахэр мин 393-м нэсащ.

Къалэхэм къиIэпхъукIыжхэр мащIэкъым

Къэбэрдей-Балькъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщI МЭРЕМЫКЪУЭ Арсен жеIэ:

- Республикэм ис пъэпкъ псори ижь-ижьыж пъандэрэ щыым телэжьыхьу, тепсэукIыу къоГуэгурыкIуэ. Абы кьыхэкIыу, мэкъумэш хозяйствэм бюджетым и ахъшэ трагъэкIуадэу щыщIадза мы зэманым КъБР-м ванIэу зы метр зэбгъуэзэнатIи щыбгъуэтыжьынкъым мэкъумэшщIэхэр темылэжьыхьу. Республикэм бизнес мыиным псыщIэу зыщIеужь иKи абы и фIыщIкIэ Iэщ гъэхэуынымкIи, хадэхэкIэр гъэкIыныжьмкIи, жыг хадэхэр хэсэныжьмкIи, нартыху кьехьэлIэныжьмкIи щыIэ ехьэлIэныгъэхэр зэпымыууэ нэхъыбэ мэхъу. Къэбэрдей-Балькъэрым иджыпсту куэдрэ ущрохьэлIэ «бланэ щIыпхъу мэжIуэ» гъэлIэжьыр уигу кьэзыгъэкIыж Iуэхуэхэр.

«Российская газета» газет, №6169 (193), 2013 гъэм щыщхьэуфым и 29-м

Республикэм и щIыхуэхэр жыджэру хэтащ КъБР-м и Къэралыгъуэм, Налшык къалэм я махуэхэм иращIэкIэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм.

АПХУЭДЭУ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и департаментым и лэжьакIуэхэмрэ Къалэн куэд зыгъэзащIэ щIалэгъуалэ центрым и лIыкIуэхэмрэ а махуэм зэбграгакIащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ я ныпхэр зэрызэхэт плъыфэхэр зиIэ лентIэхэр. Апхуэдэ лентIу минитIым щIигъу абыхэм хуагуращащ махуэшхуэ зыгъэлIапlэ Налшык и уэрамхэм дэтхэм.

«Си Республикэ, си Урысей» махуэшхуэ концертыр щекIуэкI Зэгурыпуэныгъэм и утыр дакьикъэ зыбжанэм къэщIэрэщIащ республикэ, урысыей ныпхэм я плъыфэхэмкIэ. КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и цыхуэдэз Гекиев Сультан зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ Iуэхур и нэщэнкIэ республикэм и цIыхуэхэм я зэкъуэтыныгъэм. «Ди нэхъыбэхэм куэд щIауэ кьагурыIуащ зэкъуэтыныгъэм, пщIэ зэхуэащIу зэбгъэдэхэтыным и мыхьэнэм и инагъыр. Апхуэдэ лъапIэныгъэхэр и тегъэщIапlэу, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ щыщIэсу кьэралым щыщIэсу хэту, ди республикэм зеужь иKи ехьулIэныгъэхэр зэрагъэлъэпкъыжьыркъым.

ЮРЧЕНКЭ Наталье.

Зэкъуэтыныгъэрщ терроризмэм и бий нэхъыщхьэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

- Дэтхэнэ зыри зэупщIыжьын хуэиIу: «Республикэм мамырыгъэ, зэIуэзэпэщIыгъэ илъын, ар efIэкIуэн папщIэ, сыт са злэжьар?» жиIэу, - кьыщидзащ и кьэпсэльэныгъэр Кануниковым. - Мис а упщIэм и жуаплр кьилъхьуэкIэрэ, абы куэд зригъэзэхуэнущ, апхуэдэу щыпсэу щыналъэм и зыужьныигъэм и гущIэ гуэр зэрыхилъхьаным хущIэкъунущ. Абы щхьэкIэ республикэпсо, кьэралпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхушхуэ блэжьын хуэйуэ аракъым, дэтхэнэми и кьалэныр жэуапльныгъэ иIэу зэрыщэфIихьым мыхьэнэхуэр иIащ. Сэ тIэу сыщыщIащ МелыIычхэм я кьалэу Беслъэн щыIэм. Зи гур еIим зэщIибыда щIэпхъаджащIэхэм я зэранкIэ зи гъащIэр кьыщэпыуда щIыху 334-м, нэхъыбэр зи псэугъуэ дахэ сабийуэ, кхъащхьэхэр зыльэгъуэм зэи щыгъупщэнхъым, зэман дэкIами, абыхэм я благъэ-Iыхьлыхэм я псэм щыщIэр къэIуэтэгъуейщ. Апхуэдэ Iуэху щынагъуэ къэмыгъэхъуным ди кьару псори етхьэлIэн хуейщ. УзыпэмыльэщIын Iуэхуи гугъуехи щыIэкъым, дэIэпыкъуэгъуэ дыдзэрыуейр жыгIэфу, къытущыгугъым зыщIэкъуэфу зедвгъэгъащэ, пагагъэм зедвмыгъэгъэхь.

- Зи бын Iей хуэздзну уией зы адэ-ани щыIэкъым, псори щIоХьэуэ я щIэблэр насыпыфIэ хьуну, - жиIащ КъБР-м и члисэхэм я благочиннэ, протоиерей **Бобылёв** киев Сультан зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ Iуэхур и нэщэнкIэ республикэм и цIыхуэхэм я зэкъуэтыныгъэм. «Ди нэхъыбэхэм куэд щIауэ кьагурыIуащ зэкъуэтыныгъэм, пщIэ зэхуэащIу зэбгъэдэхэтыным и мыхьэнэм и инагъыр. Апхуэдэ лъапIэныгъэхэр и тегъэщIапlэу, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ щыщIэсу кьэралым щыщIэсу хэту, ди республикэм зеужь иKи ехьулIэныгъэхэр зэрыжьыркъым.

Абдуллаев Мустэфа

Валентин. - Сыт хуэдэ Iуэху фыщIэрэрыкъэкIи фегупсыс а влэжьынур адэ-анэм кьаззрыщIыхъунум, итIанэ фэ зэи фыщIыгъэнукъым. Тхьэм и бину зыкъэзыпытэжкэр, абы и жьауэм щIэту псэухэр зэдэлъхуэзэшыпхъум хуэдэу зэбгъэдэтын хуейщ, сытым дежи зыр адрейм дэIэпыкъуэгъэу хуэмахуу. ГущIэгъу зыхэмылъ цIыхуэ шынагъуэщ, апхуэдэрщ Беслъэн кьалэм кьащIыхьуа щIэпхъаджагъэ кьэмыгъэхъуным ди кьару псори етхьэлIэн хуейщ. УзыпэмыльэщIын Iуэхуи гугъуехьыкIэ хъунур нэсу зыхэзымыщIэхэм Мелыычхэм я кьалэр ильэгъуэ иужь кьагурыIуэнущ абы кьихь гуэзвэгъуэм и инагъыр. Щэч хэмылъуи, абы и ужькIэ абыхэм гъащIэм щалэ зыбуды ыныщ, унагъуэ дахэ, насыпыфIэ фухуэнырщ. Анэгур махэщ... Быныр фIыми Iейми, абы и дежкIэ ар зэхуэдэу льапIащ... ХэмылъэщI фи анэхэм я гур. Урысейм и кьэкIуэнур зэльытар нобэ фэ фхэль жэуапльныгъэщ.

- «Зэкъуэтыныгъэ» жылагъуэ фондым и тхьэмадэ, КъБКъМУ-м и студпрофкомым и унафэщI **Щыбзыихуэ Нарзанрэ** КъБКъУ-м и студент зэгухьэныгъэм и советым и унафэщI **Лу Азэмэтрэ** щIалэгъуалэр кьыхуарджащ терроризмэм, экстремизмэм зэкъуэту пэщIэтыну, кьызыхэкIа лъэпкъэм кьадекIуэкI хабзэ дахэхэм тету я гъащIэр яухуэну, республикэм и мамыр, зэIуэзащI псэукIэм зэрахуэзфIэкIкIэ я гущIэ халъхьну.

ЗэIущIэм и кIэм кьэкIуэнум фIыкIэ зэрыхуэпIым и нэщэнэу шар зэмыфсэгъуэхэр уафэм драгъэльэтеящ.

ЦIХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

ПэкIым хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэри. *Сурэтхэр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Зэкъуэтыныгъэм и телъхьэхэр

● ЗэпыщIэныгъэхэр

Гельбаши гъунэгъу мэхъу

Къэбэрдей-Балькъэрым щыIащ Iыркъум щыщ къупыкъущIэ гуп. Гельбаши къалэм кьикIа хьащIэхэм Налшык зыщащIплъыхьащ, щыпIэм щыпсэухэм хьащIэхэр кIэкI хабзэхэм щыгъуазэ зыхуащIащ.

АХЭР щыIащ кьалэ администрацэм. Абы щытепсэлъыхьащ Налшыкрэ Гельбаширэ зэдзэлажьэныжьмкIэ щыIэ Iэмалхэм.

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэмрэ Тыркъмрэ куэд щIауэ зэхуэIащ зэныбжьэгъугъэ зэхущытыкIэхэр, экономикэ, щIэныгъэ-техникэ щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр. Ди фIэгъэ щыIэ тырку къэщIэхэр агуэру кьыззрытхуэхуэам ди зэдзэлажьэныгъэм нэхъри зэрызэригъэзыжьыр», - жиIащ кьалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнэгъэ зыгъэзащIэ Кладько Игорь.

Гельбаши кьалэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ Одабашы Екьуб щыхигъэщхьэхуIащ КъБР-м и администрацэм и къэрал гъэсэныгъэм и унафэщI Гаттуев Толга, Гельбаши кьалэм и администрацэм и комитетхэм я Iэтащхьэхэу Атак Мехметрэ Янык Кьадиррэ, депутат Верлык Хаджер, журналист Бийкан Мурат.

Республикэм зэрыщыIэну тхьэмахуэ зэхуэкуитIым хьащIэхэм я мурадщ КъБР-м щагъэзэщIэн папщIэ проектышхуэ зыбжанэ ягъэльэгъуэну. Псальэм и хьэтырыкIэ, ахэр хьэзырыд Къэбэрдей-Балькъэрым къэралитIыр зэзыпх бизнес зэхуаку зэгухьэныгъэ щIэзэтрауухуэну.

УЯНАЕВЭ Заринэ.

«Урысей щхьэантI» урысейпсо щIыхьэпс щэбэт щIыхьэхум жыдзэру хэтащ Май районым щыпсэухэр.

● Май щIыналъэ

ЦIыху минитIым щIигъу

Къалэмрэ къуажэхэмрэ я щIыналъэхэр ягъэхьэзащ, лъэсзекIуапlэхэр ягъэщIэрэщIащ, гъуэгу гъунэхэм сахуираташ, псыхъэхэм, мэз кусэхэм пхъэнкIий щыплъагъужьыркъым.

ЮРЧЕНКЭ Наталье.

Хабзэм хурагъаджэ

Урысей Федерацэм ЗыхъуэмэжьныгъэмкIэ и министерствэмрэ Дзэ прокуратурэ нэхъыщхьэмрэ я жэрдэмкIэ ирагъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм Iэщэкlэ ЗэщIэуэзда и Къаруэхэм хабзэр щагъэзэщIэныным, мыхъумыщIагъэ къамыгъэсэжьыным хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр.

АБЫХЭМ жыджэру хэтащ Ипщэ дзэ окруным и щIыналъэ дзэ прокуратурэхэм я офицерхэмрэ гарнизон кьудамэхэм я дзэ прокурорхэмрэ. Абыхэм ящыщщ Налшык дзэ гарнизоным и дзэ прокуратурэ №516-м и лэжьакIуэхэри.

Щыгъуазэ дызэращIамкIэ, мы Iуэхуэхэмкlэ я мурадыр дзэм кьулыкъу щызыщIэ щIалэхэм Iэдбагъ ящэлъыкъыпрэ я хуитныныгъэм щыгъэгъуэзэныгъэ. И ныбжь нрикъуауэ дзэм ираджахэр, зэгурыIуныгъэм тету кьулыкъу бзыхьэкIэхэр кьрихьэлIэу апхуэдэ лэжьыгъэ щрагъэкIуэкIащ дзэ частхэм, Iуэхущапlэхэм, дзэ-еджапlэ Iэнатlэхэм. Прокурор лэжьакIуэхэр жыджэру зыхэта а Iуэхугъуэхэм кьыщалъэсбэпащ аудио-видеотехникэр, цIыхубз хьыбарегъащIэ Iэмалхэр.

ДЫГУЛЫБГУ Жантиз.

ЧЕХОВ Антон

Хъыбар зэшыгъуэ

Зи жьы хъугъуэм и тхыгъэхэм щыщ

(КIэлыкIуэр. ПэщIэдзэр №170-м итщ).

Си насыпнышагъэкIэ сэ сыфилософкъым икIи сыдуэхэщыхьыкъым. Сэ фIы дыдэ сощIэ сыпсэуну ильэс пыкIуэ нэхъыбэ кIыхьэрыскуэзэмынэжар. Уегупсысмэ, ильэс нэхъ къысфIэIуэхун хуейр ахъэрэт кIыкIыгъэмрэ хьэдрыхъ бэным си зыгъ щыщIэкIыну щыIыхьэмрэт. А IуэхуэхэмкIэ я жьыкIэу, сэ пезгъэхъхэр е кьесхуэжIкIэр, ильэс къэс цIыхуиблым ныэзрохьэс. Зи кьару пэмыльэщIэм е эрыгъсымядзэм ныкъэжIкIэ экзаменэ зыхуэмыктхэм я натIэм итыр тэмакъыкIыхьу яшэч икIи кьэздаэуэркъым. Кьыэздаэуэри унэм кьакIуэри сангвиникхэм я закъуэщ - кIыхьэ ныкъхуа экзаменым Iэфу имыгъашхэ, оперэм хуиту имыгъакIуэ щIалэжьхэр. Япэрейхэм яхудзочых, мыдрейхэр ильэсым и кIуэцIкIэ кьыэзхуэжI.

- Тыс, - жьыэсIэ сэ хьэщIэм. - Сыт кьыджепIэн?

- Кьыксухэгъэгъу, профессор, уэзэрыгъэпIейтейм щыIэ, - щIедзэ абы зэныэзэпIкIэу. Си нэкIуми кьимыплъэу. - Сэ узгъэпIейтеину дзыхь сщIынутэкъым, ауэ... Сэ уи деж зэкъаем щыстыну тхуэнеIрэ сыхэкIащ, икIи... икIи сыкъыпирхащ. КхъыIэ, Тхьэм щхьэкIэ, сынольэIу, схуэгъэув, сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ...

Щхьэхынэ псоми зэрызаузхеиж щхьэусыпхуэу кьыдэхуэ сытым джеи зыщ: абыхэм адрей экзамен псори фIы дыдэу ятащ, кьызыпихар сыСейм и закъуэщ. Ар езыр гъэщIэгъуэн дыдэщ, сыту жьыпIэмэ, си дерсхэм ахэр сыт щыгъуи егупгъупэу еджащ икIи фIы дыдэу ящIэ. Кьыщыпихар зэрымыщIэ дыдэкIэ кьэхъуа гуэрщ.

- Кьыхуэгъэгъу, профессор, - погуфIыкI ар, - ауэ апхуэдэу сщIэмэ, сэ зыми сыкьыгурыIуэнукъым. ИльэситхуитIэ седжаеу зэуэ... сыщIэкIыжу!

- Пэжщ! Ильэситху пщIэшэу бгъэкIуэдмэ нэхъыфIщ, пфIэмыфI Iэщагъэм уи гъащIэ псокIэ урилажьэ нэхърэ.

- Ауэ ар занщIэу сфIэгъэныхьхь нэхъыжьри, жесIэну сопIащIэ:

- Уэзэрегуакlуэр. Аращ, тIэкIу еджэжи кьакIуэ.

- Дапщэщ? - дэгу-дэгуу щIоупщIэ хуэмыдрыIу.

- Дапщэщ ухуеймэ. Ухуейм-мэ, пщэдей.

Араши, абы и нэ гуапэхэм щIыэольагъуэ: «Укьакlуэ хьунут, ауэ уэ гъуэмэм аргуэру сыщIэпхужьнущ».

- Дауи, - жьыэсIэ сэ, - идджыри пщыкIутхуэрэ экзамент птыну укьакIуэкIэ уэ нэхъ еджа ухьунукъым, ауэ абы уи кьащIэ дыдэщ.

Абыкlи берычэт бесым.

Щым дохьу. Сэ сыкъотэджкьжри хьэщIэр щIэкIыжыным сыпоплъэ. Ар щытщ, щхьэгъэбубжэм йопIь, и жьакIэ щIэкIуэр иIэгъэрэ мэгупсысэ. Зэщыгъэ мэхъу.

Сангвиникым и жьакIэ гуакIуэщ, щыщ, и нэхэр губзыгъэщ, пыгуфIыкIын хьэщIэ щIэкIыжыкIэ, пивэ егъэлеяргэ щэнтжьеинынымрэ тIэкIу зэхаучIыпIшкIуааэ. ІупщIщ абы кьыбар гъэщIэгъэн куэд оперэм, и льагъуныгъэ Іуэхуэм, и ныбжьэгъуэжьхэм ятеучхуааэ кьыэзэрызжиIэжьыфынур. Ауэ абыхэм я гугъу ящI хабзэкъым. Сэ-тIэ сфIэфIыпсу седэIуэнт.

- Профессор! Псалъэ быдэ уэзот схуэбгъэувы щытмэ, сэ... Іуэхур «псалъэ быдэм» зэрынэсу сэ си Іэхэр сощIри стIолым сыбгъэдотIысхьэж. Студентыр яджыри дакьиракьIэ мэгупсысэри хэпльэрурэ жеIэ:

- Апхуэдэу щыхьхьIэ фIыкIэ... Кьыксухэгъэгъу.

- ФIыкIэ, си кьуэшыжь. Уэлмащагъэ Тхьэм кьурт.

- Ар Іэнкуну сенэм макIуэ, хуэмурэ зехуэпэжри, щыбым щIэкIыжа нэужь аргуэру гупсысэ кьащIэкIынщ. «ШейтIаныжьыбым» фIэкIа кьыкъужвIэм щимыгъуэтым, ресторан мыхьэнэшхэм пивэ ефакIуэ, щхакIуэ макIуэ, итIанэ жеину унэм мэкIуэж. Уи ахърэт дахэ ухьу, лэжьакIуэжь!

Ещанэ зэздзэкIынэ. Дохутыр щIалэ кьащIохьэ, кIэстум хуэжьи, дауи, дэлъу. ЗыкъызэгъэщIыху. СогъэтIысри зыхуеймкIэ соупщI. ТIэкIуи гуэвзэрэр щэныгъэм и щихь къэунэхуам кьызкIэнкIыщIэ мы зыгъэ дохутырантым и экзаменыр зэритар, диссертацэ итхын фIэкIа зыри кьыэзрыхуэмынэжар. Ар хуейт си унафэм щIэту си деж щыIэжьэну икIи си хуэзэмыщIа щыIэтэкъым, диссертацэм и темэ естатэмэ.

- Іейуэ си гуапэщ, коллегэ, сэбэп сыхъуну, - жьыэсIэ сэ, - ауэ я пэщIыкIэ диссертацэр зиIэм ихуэмыкIэ, ди Іыгъ-гурыгъащIуэт. А псалъэм кьрагъэкI хабзэр щыIу. Арырауэ пIэрэ? Іейуэ щыIэм и темэрэ и унафэкIэ ягъэзэщIа тхыгъэм зэрэдежр нэгъэщI зыгуэрущ...

Докторантыр щымщ. Сэ сыкъолыбри сыкъыщолъэт.

- Псори си деж фIыкIэ щIэкIуэращ сэ кьыэзгуры-мыIуэр? - соклий сэ сыкьэгубжьауэ. - Тыкуэн згъэлажьэ фи гуГъэрэ? Сэ темэ сщIрыкIыжьмэ? Минрэ езанэрэ сыныволъэIу пIэ псори фыскIэрыкIыну! Кьыксухэвгъэгъу, сыхэлънIшэмэ, ауэ, хуэну щытмэ, мыр сужэгъуауе!

Докторантыр щымщ, и нэмкIэпэпкъым пIолыжьмэ тIэкIу кьыщIэувa кьудейщ. Абы и нэгум кьоф си цIэмрэ щIэнэгъэлIэкъм я деж щызиIэ пщIэмрэ зэрыпсIыкIыр, арщхьэкIэ и нэхъм щIыэольэгъуэ си макъри си Іэпкь-лъэпкъ мыфэмыцри, тэмакъыщIыу дзэдзей си Іэхэри ильагъу зэррымыхъур. Сыкьыэзэрыгубжьам абы схуэзэту сыкъыфIегъэщI.

- Мыр тыкуэнкъым! - сошIыдэ сэ. - Сытуи гъэщIэгъуэн! Фи щхьэ и унафэ фщIыжьыну сыту пIэрэ фыщIыхуэмейр? Сыту пIэрэ апхуэдизу хуитыныгъэм фигу щIыщIыкIар?

Сэ Іэджи жьыэсIэ, ар зэрыщIыщ. Зы зэман зэ хуэмхуэмурэ сосабрыщ икIи, ильэс пыIуэ щIыпIэ щIыпIэ щIэн щай зи мыуасэ темэ естынущ, си унафэм щIэту зыми кьыхуэмыысэбэпын диссертацэ итхынущ, зэхуэсэ щIэзэнэм щIыхь пыIуэ щыпхигъэкIыну щIыхь зыкIи зыгъэщIэн гъэлI щIэр кьыIыгъэнущ.

Уэзджьнэхэр кIэ ямыIэу зыми иужьым адрейр иту кьеуэнкIи хьунущ, ауэ сэ пIым деж щыIэкъым зэрыщIэн. ЕплIанэ уэзджьнэр кьоуэрэн, лъэ макъыр, бостейм и щхьэщыхьыкIэр, макъ гуры-хьыр кьызощIыхьуж...

Ильэс щыкIуйи и пэкIэ си ныбжькIэгъу нэ дохутыр дуейм екьыжащ, ильэсиблым ит ипхъу Катярэ ахьшэу сом мин хьыщI хуэдизрэ кьитащнэрэ. И уэсятымкIэ сэ уэчыIу сиIэ щхьэ. Ильэс ныкIуэ хьуху Катя си унагъуэм щIэсу, иужькIэ институтым иратри, гъэмахуэ мазэхэм, зыгъэпсэхугъуэхэм деж фIэкIа щыIэжакъым. И гъэсагъэ Іуэху зесхуэну сэ сыхуэщIыхьэртэхьым, сызгырыкIэльыпIлъар зэман-зэманкIэрэщ, абы кьыихэжIу и сабинитэум текуэуэу схужыIэ щIыпIэ щIыпIэ щIыжащ дыдзщ.

Ятэ дыдзу си нэгу кьыщIыхьэжри сигу кьэзгъэжIкIыну сфIэфIри абы егъэлеяуэ дзыхьышхуэ кьуэзригъэзар. Ди унагъуэм кьыIыгъэ зэрыщIэрэ, жесIэну сопIащIэ:

- Уэзэрегуакlуэр. Аращ, тIэкIу еджэжи кьакIуэ.

- Дапщэщ? - дэгу-дэгуу щIоупщIэ хуэмыдрыIу.

- Дапщэщ ухуеймэ. Ухуеймэ, пщэдей.

Араши, абы и нэ гуапэхэм щIыэольагъуэ: «Укьакlуэ хьунут, ауэ уэ гъуэмэм аргуэру сыщIэпхужьнущ».

- Дауи, - жьыэсIэ сэ, - идджыри пщыкIутхуэрэ экзамент птыну укьакIуэкIэ уэ нэхъ еджа ухьунукъым, ауэ абы уи кьащIэ дыдэщ.

Абыкlи берычэт бесым.

Щым дохьу. Сэ сыкъотэджкьжри хьэщIэр щIэкIыжыным сыпоплъэ. Ар щытщ, щхьэгъэбубжэм йопIь, и жьакIэ щIэкIуэр иIэгъэрэ мэгупсысэ. Зэщыгъэ мэхъу.

Сангвиникым и жьакIэ гуакIуэщ, щыщ, и нэхэр губзыгъэщ, пыгуфIыкIын хьэщIэ щIэкIыжыкIэ, пивэ егъэлеяргэ щэнтжьеинынымрэ тIэкIу зэхаучIыпIшкIуааэ. ІупщIщ абы кьыбар гъэщIэгъэн куэд оперэм, и льагъуныгъэ Іуэхуэм, и ныбжьэгъуэжьхэм ятеучхуааэ кьыэзэрызжиIэжьыфынур. Ауэ абыхэм я гугъу ящI хабзэкъым. Сэ-тIэ сфIэфIыпсу седэIуэнт.

- Профессор! Псалъэ быдэ уэзот схуэбгъэувы щытмэ, сэ... Іуэхур «псалъэ быдэм» зэрынэсу сэ си Іэхэр сощIри стIолым сыбгъэдотIысхьэж. Студентыр яджыри дакьиракьIэ мэгупсысэри хэпльэрурэ жеIэ:

- Апхуэдэу щыхьхьIэ фIыкIэ... Кьыксухэгъэгъу.

- ФIыкIэ, си кьуэшыжь. Уэлмащагъэ Тхьэм кьурт.

- Ар Іэнкуну сенэм макIуэ, хуэмурэ зехуэпэжри, щыбым щIэкIыжа нэужь аргуэру гупсысэ кьащIэкIынщ. «ШейтIаныжьыбым» фIэкIа кьыкъужвIэм щимыгъуэтым, ресторан мыхьэнэшхэм пивэ ефакIуэ, щхакIуэ макIуэ, итIанэ жеину унэм мэкIуэж. Уи ахърэт дахэ ухьу, лэжьакIуэжь!

Ещанэ зэздзэкIынэ. Дохутыр щIалэ кьащIохьэ, кIэстум зэфIэтыщIэ фIыщIэ щыгъыу, дыщэ нэгъуэдж Іулъу, галстук хуэжьи, дауи, дэлъу. Дауи, ар машIэщ театрым утепсэльыхьыну хуит ухьун папщIэ, ауэ тIэкIу и гугъу щIыщIэ абы. Кьыз зэрыфIэщIымкIэ, театрым ильэс 30 - 40 и пэкIэ зэрыщытам нэхъыр нэхъыфI хьуакъым. Нэхъапэхэм хуэдэу, театр щIыхьэпIэми зэблокIыпIэхэми пыз кьабзэ стэжан щызгъэгъэтырныым. Нэхъапэхэм хуэдэу, кIэлъыплъакIуэхэм си джэдыгуэ щхьэкIэ тезыр сагъэпэшн, щIымахуэм щыIэн хуабэ пщыгъыну емыкIу зэмылъми. Нэхъапэхэмри хуэдэу, зэпыгъэуэхэм мыхьэнэ лъэпкъ имыIэу макъамэ кьрагъауэ, пьесэр кьыэзрыпщIыхьэм щIэуэ лей гуэр кьыхигъэхьуэу. Нэхъапэхэмри хуэдэу, зэпыгъэуэгъэхэм деж щIыхьхьэжхэм деж кьыщIэпIыпарэ зимыгъэнщIыжу абы пьесэхэмрэ актерхэмрэ хуэдэу зи гугъу ящI щыIэтэкъым. Мыуывlэу театрым зэрытепсэльыхьымкIэ дриГъэ ззэщIрт. Фызымрэ сабийкэмрэ абы едаIуэртэжьым. Си закъуэт лIыгъэ зыхуримыкъур ар кьызыфIимыгъэIуэхуну. Игу хэзыгъэхуа гуэрым тепсэльыхьыну щIэуэ лей гуэр щыIэдзэауэ и щхьэм нэс Іэпхльэпх ящIа актерым «Щыlэн е щымыlэн?» моноIуэ кьыэзрыгуэмI дыдэм щIыху псэльхэкIэм емыщхьэу, Іэмал имыIэу щIэфиихьыжрэ и Іэпкьлъапхь псор зэщIкIэзызэу кьыщдежжкIэ; хьэмэрэ акъыльнышэхэм куэдыIуэрэ епсальэ, хьыджжэбэ акъыльнышэ фIыуэ зыльльагъу Чаугэр цIыку губзыгъэу, «Акъыльм кьыхэкIа бэлыхьыр» мыпьесэ зэшыгъэуэ си фIэщ ящIыну щыхэтым и деж, сцеиэм ильэс плIыщI и пэкIэ си жеин кьэзыгъакIуэ щыта а пасэреимэр хьрэкъ, хабзэ хьуа кьугъыкIэрэ бгъэгъ тельуэнжкIэ си ныбэ яз ящыну щыхэтэр сигу кьыгъэжьыжу. Аращи, сызэрыщIыхьам нэхъыр я нэхъ дзыхьмыщIыкIыну сыт щыгъуи сыкъыщIокIыжж театрым.

Сытри зи гум ежалIэ цIыкубэ жьIэзыфIэщIыи и фIэщ пхуэщIынущ театрыр ящIыну зэрыщытым хуэдэдзи зыуэзщIыныгъэм и хэщIапIэу. Ауэ зыуэзщIыныгъэм и ныкIыдзыжьыну. А зэщтегъуэр зэщтегъуэ фIэкIа хьунукъым. А зэщтегъуэр льапIэIуэщ адэкIи кьэбгъэсэбэпын хуэдэу. УзышIэхэу, хэльэт яIэхэу абы зи щIалэгъуэ цIыкухьхэмрэ цIыкубзэхэмрэ кьэралым мин бжьыгъэкIэ яфIегъэйуэ. Я гъащIэр театрым трамыкухуаэ, ахэр дохутырыфI, мэкъумэщыщIэ, егъэджакIуэ, официерыфI хьуфынухэт. ЦIыкухэр пщыхьщхьэ сыхьэтхэм хокIыжакъым зебгъэзужьыну, ныбжьэгъуэм уадэуэрэшрыну щынэхьыфI дыдэ зэманым. Сэ и гугъу сщIыхьэкрыкым мылькумрэ хабзэмрэ я лъэныкъэкIэ театрепIъым игъуэт щыщIынэгъэм, лIы укIынир, зинэр, пцIы телъхьэнхэр пхэнжу сценэм щыпхагъэкIыну щыхэтым и деж.

Катя-тIэ зэрегупсысыр нэгъэущI зыгуэрут. Абы си фIэщ ящIыну хэтт театрыр ящIыну зэрыщIэ трагедиехэми, опереттэжь щыкIуэхэми, париж ауанхэми, гушыIэхэми щыджэгуну кьахуихуащ, а псом щыгъуэми зэхуэдэу гъэугу захуэм тету икIи щIэбзэ ящыкIыну зэрамащIэм щыкIэ, ауэ а зэрыщIэкIыр щыщIэкIыжыну зэрыщIэкIыжыну ящIа. Ауэ ящыкIыжыну ар ящIа. Ауэ ящыкIыжыну ар ящIа. Ауэ ящыкIыжыну ар

Сурэтыщl Гъыдэ Валерэ

● Гъуазджэ

**Дэтхэнэ сурэтыщlми кеГлыгъ и лэжьыгъэ нэхь ин дыдэр дяпэкlэ ящыныгъуаз... КъБР-м щэнхабзэмкlэ щыхь зиlэ и лэжьакlуэ, художник Iэзэ Гъыдэ Валерэ апхуэдэ и гупсысэм арэзы утехьэуну тlэкlу гугъу мэхьу, и Iэдакъэщlэкlэм ущеплыкlэ. «Мыбыхэм нэхърэ нэхъыбфык щыlэ?» - упщlэр ухуей-ухуэмейми щхьэм кьоэзрыхь. Псалъэ кьудей мыхьуу, зы щапхъэ кьэсхьынщ: иджыблагъэ дыщыlат Гъыдэмкlэ унэ-музей Гъыдэр щылажьэм (Тэрч кьалэ). Абы сызэрыщыхьэу гу зылъыстар урыс художник Перов Василий и «Охотники на привале» сурэтым Валерэ кьытрищlакlауэ утыку итырщ. «Мыр сыту дахэ, сытуи ещхь дыдэ», - щыжысIэм, «Абы иджыри тхьэмахуитlкIэ селэжьын хуейщ», - жиlащ Гъыдэм. Пэжым фыхуеймэ, сэ ар нэтхысауэ кьысщыхьат... «Урыс художникым и сурэтыр щхьэ нэхъ кьыхих?» - согупсыс. Сызэхиха хуэдэ, Валерэ жеlэ а сурэтыр куэд щlауэ итхыну зэрыщlэхьэпсыр - лэжьыгъэри, щlыуэпсри, цlыхури кьызэщlэзыубыдэ сурэтыр игу зэрырихыр.

«Охотники на привале» сурэтырщ художникыр зэлэжьыр.

КУРП Ищхьэрэ (Кьаныщуей) кьуажэм 1945 гъэм кьыщалхуауэ Гъыдэ Батlи и кьуэ Валерэ. Школым щыщlэса зэманым кьыщожьэ абы игъуэта Iэщlагъэр. Валерэ щыщlыкуми яхуэнабдзэгубдзапльэт тхьилхэм ит сурэтхэм, уеблэмэ зэман-зэманкIэри абыхэм зыгуэркIэ кьатрищlакIырт. «Сурэт сщlарэт жысIэу а Iуэхум сыхэнэхъуеиншэу щытащ си сабиигъуэми. Школым дыщыщджами, сурэт щыщынмкIэ щlэныгъэ зиlэ егъэджакIуэ диIакъым, итlани дысыгъасэхэм дытрагъэгушхуэрт, чэнджэщхэр кьыдатырт», - жеIэ Валерэ.

Гъыдэм игу кьегъэкIык кьэралым и сурэтыщl нэхъ щlэрыIуэхэм я репродукцэ зырыз зэман-зэманкIэрэ школхэм ирату зэрыщытар. «Абыхэм ящыщу хэт сымэ я Iэдакъэщlэкl пльэгъуат? Сыт хуэдэ сурэт щапхъэ пхуэхъуат?» - соупщl си псэльэгъуэм. Репин Илья, Васнецов Виктор, Серов Валентин, Левитан Исаак, Айвазовский Иван сымэщ абы зи щlэ кьриуэр, апхуэдэуи дыщlегъуж хуэдизникэм я сурэтхэм занщlэу дихьэхами, сурэтыщl хьун мурадыр абдеж зэрыщимыщlар, ар машlэ-машlэуэр кьехьулаIуэхуу зэрыщытыр.

И зэфIэкIым япэу щепльык зэманхэм Валерэ куэду ищlырт шы сурэтхэр. «Iесущхьэ дахэщ дгуэкIи! Сыбзыгъэщ, - кьыхегъэщ Валерэ. Адэм шы иIэу, зэрихуэу зэрыщытар абы хэльхьэжи, дауи, щlалэр гурэ псэкIэ пэгъунэгъунтэжьэ шым?!

НэхъапэIуэхэм зэрыжаджэ клубхэм пщыхьэщхьэхэм кьыхуеджэныгъэ плакатхэр тхьиным, - кьыхегъэщ художникым. - Зэрыфщlэщи, дэтхэнэми Iэмал иIэкъым кьалэм е кьуажэм дэт музейхэм щlэх-щlэхьурэ кIуэну, дахагъэм, зи гугъу сщlыр гъуазджэрщ, лъэIэсыну. Утхэм, уэрамхэм, Iуэхущlапlэхэм кьыщыфIадзэу щытащ лэжьыгъэм, мамырыгъэм, кьабзагъэм укьыхуеэыджэ плакатхэр. Нобэ дахуэныкъуэщ абыхэм. Пэжщ, кьалэ нэхъ инхэм иджыри уащыхуозэ жьыхуэсIэ лэжьыгъэхэм, ауэ ахэр сатум, хьэрычэт Iуэхуэхэм хэтхэм я Iэнатlэхэр Iэрагъэльагъу защlэжу, сэ сызыгъэгушавэр щыхур нэмысым, кьабзагъэм кьыхуеэыджэу, и псэр зыуэзыщу сурэтыщl гъуазджэм иIэ унэтIыныгъэхэм щыщыр зэрыкIуэдыжырщ. Зэгуэр абыи кьигъэщlэжьыну дыщыгугъынщ.

Тхьидэмкlэ унэ-музей Тэрч кьалэ дэтри Гъыдэм и Iэдакъэщlэкlэмкlэщ зэрыгъэдэхар, мы зэманым художникыр щыпажьэри аращ. Зэман кьыщыхудэхуэм езым и псэм пэгъунэгъу, фIэдахэ сурэтхэр ещl. Музейм щыпльагъунущ «Нартхэр кьызэрыунэхуар» сурэт зыльэмэтыр. Ар Валерэ, Хьэщым Мурадин, Хьуэст Ачмэтолэ сымэ зэдатха лэжьыгъэщ, Нарт эпосыр ильэс мини 3 щрикъум Сурэтыщl гъуазджэмкlэ музейм (Налшык кьалэ) щагъэльэгъуауэ щытащ.

Сурэтыщlым дэтэпы-кьуэгъушхуэ кьыхуэхьуу жеIэ Тэрч районым и Iэтащхьэ Пэнагуэ Максим. - «Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ гулыитэфI хуеищ Максим. Музейр кьызэгъэпэщынри зигу кьэкIауэ щытар аращ. Район администрацэм и утым и ижьырабгъуэкIэ кьыхет мы унэр и ухуэныгъэкIи хьэлэмэту ящlауэ щытащ. Ар музейуэ гъэпсыныр ди Iэтащхьэм кьыщыхитлъхьэм дыщыгуфIыкlащ. Псори щыIэзрапхъуэж зэманым куэдым я нэ кьыхуикIа кьыщlэкIынт абы тыкуэн е шхапlэ кьыщыIэзIуахьну, арщхьэкlэ Пэнагуэм ди гъуазджэм зэрызнужьын хуейм тригъэщlэжа зы выставкэми и сурэтхэр щагъэльэгъауэ.

Налшык щыIэжьэну и гугъами, Гъыдэм Тэрч кьалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм льэщапlэ хэтыр кьрат икIи зыхуей хуэзэу, псори зэфIыхьауэ и кьалэнхэр зэрригъэзэщlэнымк нужь йоихь. Абы и лэжьыгъэр нэхьыбэу зытриухуэр щыхухэм я сурэт щынымрэ унэ, музей хуэдэхэр гъэщlэрэщlэнымрэщ. Апхуэдэуи ар дехьэх щыуэпсым и тепльэр и сурэтхэм кьыщигъэльэгъуэным.

Джыдлахьстэнейр зэрыгушхуэ хьуну сурэтыщl Iэзэщ Валерэ. Уасэ яIэкъым абы Дей кьуажэм и курыт школым хэту кьызэрагъэпэща музейр, Мэлбахьэу Тимборэ и цlэр зезыхьэр, зэрригъэщlэрэщlами, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, Лениным и цlэкIэ щlэ колхозым и тхьэмадэу щыта Пэнагуэ Аэзэмэтджэрий и цlэр щыфlаща музейр (Инарыкуэй кьуажэ) зэрызэрригъэпэщlами.

- Нэхьапэ Iуэхэм сурэтыщlхэр жьщжэру елэжьу щытащ кьыхуеджэныгъэ плакатхэр тхьиным, - кьыхегъэщ художникым. - Зэрыфщlэщи, дэтхэнэми Iэмал иIэкъым кьалэм е кьуажэм дэт музейхэм щlэх-щlэхьурэ кIуэну, дахагъэм, зи гугъу сщlыр гъуазджэрщ, лъэIэсыну. Утхэм, уэрамхэм, Iуэхущlапlэхэм кьыщыфIадзэу щытащ лэжьыгъэм, кьабзагъэм укьыхуеэыджэ плакатхэр. Нобэ дахуэныкъуэщ абыхэм. Пэжщ, кьалэ нэхъ инхэм иджыри уащыхуозэ жьыхуэсIэ лэжьыгъэхэм, ауэ ахэр сатум, хьэрычэт Iуэхуэхэм хэтхэм я Iэнатlэхэр Iэрагъэльагъу защlэжу, сэ сызыгъэгушавэр щыхур нэмысым, кьабзагъэм кьыхуеэыджэу, и псэр зыуэзыщу сурэтыщl гъуазджэм иIэ унэтIыныгъэхэм щыщыр зэрыкIуэдыжырщ. Зэгуэр абыи кьигъэщlэжьыну «Нартхэр кьызэрыунэхуар» сурэт зыльэмэтыр. Ар Валерэ, Хьэщым Мурадин, Хьуэст Ачмэтолэ сымэ зэдатха лэжьыгъэщ, Нарт эпосыр ильэс мини 3 щрикъум Сурэтыщl гъуазджэмкlэ музейм (Налшык кьалэ) щагъэльэгъуауэ щытащ.

Сурэтыщlым дэтэпы-кьуэгъушхуэ кьыхуэхьуу жеIэ Тэрч районым и Iэтащхьэ Пэнагуэ Максим. - «Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ гулыитэфI хуеищ Максим. Музейр кьызэгъэпэщынри зигу кьэкIауэ щытар аращ. Район администрацэм и утым и ижьырабгъуэкIэ кьыхет мы унэр и ухуэныгъэкIи хьэлэмэту ящlауэ щытащ. Ар музейуэ гъэпсыныр ди Iэтащхьэм кьыщыхитлъхьэм дыщыгуфIыкlащ. Псори щыIэзрапхъуэж зэманым куэдым я нэ кьыхуикIа кьыщlэкIынт абы тыкуэн е шхапlэ кьыщыIэзIуахьну, арщхьэкlэ Пэнагуэм ди гъуазджэм зэрызнужьын хуейм тригъэщlэжа, - жеIэ Гъыдэм.

Ильэсипщl и пэкlэ кьыIэзIуаха музейм нобэ тепльэ дахи иIэщ, и блынхэри Валерэ и сурэтхэм яуфэбгъуащ, пасэрей кьэшыпхэри щыгъунэжщ. Апхуэдэ Iуэхуфl кьыIэхъулIэр зи гуащlэ емыблэжщ цlыхурщ. АбыкIэ щапхъэщlащ.

Тэрч кьалэр кьыIэзрыунэхурэ ильэсэ 120-рэ щрикъум Валерэ я кьалэм щlыхь зиlэ и цlыху хьуащ, 2003 гъэм абы кьыхуагъэфэщащ «КъБР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакIуэ» цlэр.

Цlыхур сыт щыгъуи пэгъунэгъуу щыIэхэмкlэ абы и кьуэпсыр кьыщlекъуэну щlыналъэм зы сурэт, адрейхэм емыщlыкI, хуищlынырщ. Абы зэуIуу кьыщlигъэльэгъуэну хуейщ гуфIыуэ лэжьыгъэр, щыхэр, цlыхухэр, нэгъуэщlу яхьпIэмэ - гъащlэр. Шэч кьытесхьэр-кьым: фIы зигу ильым ар кьехьулIэнущ.

Тхыгъэри сурэтри
БАГЪЭТЫР Луизэ *ейщ.*

Гъэщlэгъуэн куэд къащыпоплъэ

● Школ хъыбар-хэр

Къэралым и дэнэ щыпlи хуэдэу, ди республикэм и сабийхэри екIуэлIэжащ еджапlэхэм, гъэсапlэхэм. Гуфlэгъуэ зэхуэсхэмкlэ, махуэщхуэ хьэхьэхьэкlэ яублэжа гъэ еджэгъуэщlэм и япэ дерсхэр иджы щокIуэкI курыт школхэм, сабий садхэм.

ШЭДЖЭМ куейм хыхьэ жылэхэм дэт курыт школ 19-м я гъэсэнхэм кьахуеуащ япэ уэзджынэр. Щlыпlэ пресс-Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэ Кlарэ Элинэ хьыбар кьыIэрыдигъэщlамкlэ, а уэзджынэ макъым щlэту япэ дыдэу япэ классым мы гъэм кIуаи сабий 600-м нэс. Гуфlэгъуэ махуэщхуэмкlэ ныбжьыщlэ цlыкIухэм ехьэхьэчащ КъБР-м цlыхубэ хьыбарегъащlэ Iуэхущlапlэхэмкlэ, жылагъуэ, дин зэгуэныгъэхэмкlэ и министр Кьумахуэ Мухьэдин.

- Фэ, цlыкIухэ, нобэ фытехьащ фи гъащlэм мыхьэнэщхуэ щыIэну лъагъуэм. Абы фэ кьыщыжьэ хьэлэмэт куэд: Iуэхугъуэ гъэщlэгъуэнэгъэр, ныбжьэгъу пэжхэр, щlэныгъэ куухэр, - захуигъэзащ Кьумахуэм школакIуэхэм. - Балигъ фыхьуныи фыхуэмыпlащlэ - школ лъэхъэнэр инкъукIэ гукъинэщ, дахэщ. Фи адэ-анэхэр, фи егъэджакIуэхэр фIыуэ фльагъу, пщlэ яхуэфащ.

Школ лэжьакIуэхэмрэ ныбжьыщlэхэмрэ гуапэу ехьэхьэщ Шэджэм куейм и администрацэм и Iэтащхьэ Бакъ Руслан. Абы и псальэм кьыхихгъэщащ куейм и унафэщlхэм егъэджэныгъэ Iэнатlэм дяпэкIи гулыитэ хэха зэрыхуащlынур, щlыпlэм хьихьэ школхэм, сабий садхэм я мыльку-техникэ пльабжьэр гъэбыдэныжмкlэ ильэкI кьызэрамыгъэнэнур. Бакъым зэрыжиIамкlэ, мы ильэсым гулыитэ нэхьыбэ хуащlынущ гъэсапlэхэм. Зи сад кIуэгъуэ сабий 500-м папщlэ апхуэдэ Iэмал кьызэрагъэпэщыну я мурадщ 2013 гъэм и кIэ пщlондэ.

«Егъэджэныгъэм теухуауэ» федеральнэ хабзэм ипкъ иткIэ, куейм и еджакIуэхэм ящыгъынущ школ фащэ хэха. Апхуэдэу пэщlэдзэ классхэм щеджэ цlыкIуэхэмрэ бынунагъэшхуэхэм кьахэкIа сабийхэмрэ зэреджэн тхьилъхэр пщlэншэу ираты нущ.

ТАМБИЙ Линэ.

Гуфlэгъуэ зэIущlэр йокIуэкI.

● БэнэкIэ

Дыщэ, дыжьын, жэз

Къалмыкъ Республикэм и Лагань кьалэм щэбэт кIуам щекIуэкlащ бгыырыпх бэнэкlэмкlэ еплIанэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ Башкирием, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-IIэрджэсым, Тэтэрстаным, Астрахъэн, Волгоград областтэм, Къалмыкъым и куейкъэм и бэнакIуэ 100-м щIигъу. Ди плыкIуэхэм абы дыщэ медали 3, дыжьыну 2, жэзуи апхуэдизу, псори зэхэту медали 7 кьыщахьащ.

ПЩlЭ ЗИIЭ зэхьэзэхуэм КъБР-м и командэ кьыхуэхэм хэту зэфIэкI щагъэльэгъащ Шэрэдж куейм и спортсменхэм: Къэщкъэтау щыщхэу Мокаевхэ Мусса, Щамил зэкъэушхэм, Гажонов Елдар, Мокаев Расул, зэрэгъэшIыждэс Мысост Заурбэч, Жэмтхьэлэ щыщхэу Дохъуашкъуэ Хьэчимрэ Гъуаплъащlэ Асльэнрэ.

Килограмм 68-рэ зи хьэлъагъэхэм Мокаев Расул кьыпхэуфн кьахэкIакъым.

Зи хьэлъагъэр килограмм 75-м нэсхэм я зэпеуэм япэ уэвыIитIыр щыэздагъэщащ Мокаев зэкъэушхэм: Мусса - дыщэ, Щамил - дыжьын медалхэр кьахьащ. Ещанэ увыпIэхэм дыдейхэм кьалысыным куэд иIэжакъым. Ауэ Кьалмыкъым щыщ Гаряев Очир ди бэнакIуэ Аппаев Саид зэпеуэ гуащlэм кьыщыхигъэщlащ.

Псоми гунэс ящыхъуащ килограммим 100-м щIигъуэкIэ зэхьэзэхуэм хэта дунейпсо чемпион Мысост Мырзэбэч. КIэуэ зэIущlэм абы хьэрхуэрэгъу кьыщыхуэхъуат Кьалмыкъ бэнакIуэ Муджиков Бориси, дакъикъэрэ ныкъуэм хигъащlэри, текIуащ. Кьыхэзгъэщlапхъэщ, Урысейм рэ Кьалмыкъыммрэ я ныпхэр Iэтыныр дунейпсо чемпионхэу Байрамуков Артур, ди лъахэгъу Мысост Мырзэбэч, Сафоновэ Серафимэ сымэ дзыхь кьызэрыхуащlар.

Килограмми 100-м нэс хьэлъагъ зиIэ бэнакIуэхэм я деж дыжьын медалыр щызыIэригъэхьащ Дохъушыкъуэ Хьэчим; Гажонов Эльысрэ (кг 90) Гъуаплъащlэ Асльэнрэ (кг 62-рэ) дыжьын медалхэр кьалъысащ.

- Лагань кьалэм щекIуэкIа зэпеуэр лъэщу кьызэрагъэпэщауэ щытащ, абы кьрикIуахэмкIи сыарзэщ. Ди бэнакIуэхэм ящыщ гуэрхэмкIэ а зэхьэзэхуэр гъэунэхуныгъэу щытащ, иджы абыхэм кьапэщытщ КъШР-м и Iэтащхьэм и саугъэтым щыщlэбэныну зэпеуэм, Урысей чемпионатым, адэкIэ Душанбе щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым я зэфIэкI щагъэлъэгъуэну, - жиIащ спортсменхэм ящlыгъуа, Шэрэдж куейм и Сабий-ныбжьыщlэ спорт школым и унафэщlэ, дунейпсо категорие зиIэ судья Гажонов Юрий.

Гажоновым езыми спортсменхэми кьабгъэдэкIыу фIыщlэ яхуещI зэхьэзэхуэм зэрыхэтын мылькукIэ закъыщlэзыгъэкъуа «Трейд-Мастер» ООО-м и унафэщlэ Муртазэ Ахъмэт.

КУЖОНОВЭ Эльмирэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Хабзэр ягъэзащlэркъым

**Лэскэн районым и прокуратурэм кьыщыщlащ щIыпlэ унафэр зезыгъакIуэ Iуэхущlапlэхэм налогым и кодексым и 85-нэ статьям и 9.2-нэ Iыхьэм кьигъэувэжр куейм щIыпlэ самоуправленэмкlэ и Iэнатlэ псоми кьызэпаудауэ кьыщlагъэщащ. Зи гугъу тщlы статьям ипкъ иткIэ, щIыпlэ унафэр зезыгъакIуэ Iуэхущlапlэхэм я кьалэщ, УФ-м Налогымкlэ и кодексым и 389-нэ статьям зэрыжиIэм хуэдэу, налог зытехь эдыи Iыхьэхэм ятеухуа хъыбархэр илъэс къэс мазаем и 1-м и пэ кьыхуэу ятыну.

Кьахуэта ныкъусаныгъэхэр ирагъэгъэзэжкIуэжьын папщlэ, районым и прокуратурэм кьуажэхэмрэ щIыналъэхэмрэ я администрацэм я Iэтащхьэхэм тхьилъипщl яхунтхащ.

«Гидрометым» хьэуар еуцlэпl

Налшык кьалэм дэт «Гидрометаллург» ОАО-р щынагъуэ зыпылъ Iэнатlэщ. Йужьей ильэситlым кьриубыдэу кьалэдэсхэм кIэлъыплъкIэ Iуэхущlапlэхэм мыхъэ-мытIэу зыхуагъэзащ заводым хьэуам хиутIыпщхьэхэр я узыншагъэм эрагъэзыхьхэм теухуауэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и щыхьэрым и прокурорым и кьалэнхэр зыгъэзащlэ Льостэн Залым и унафэкIэ, «Гидрометаллург» ОАО-м и лэжьыгъэр кьащlыхтащ. КьызэрахутамкIэ, заводым жьым хиутIыпщхьэхэм хьэуар яуцlэпI, сыту жьпIэмэ, нэхьыбэ дыдэу зыхунту кьралым игъэува мардэм ахэр щlегъу.

Къэпщытэныгъэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, «Гидрометаллург» акционер обществэ зIухам и лэжьыгъэр кьызэтрагъэувыIэну кьэзыгъэув иск тхьилъ щыщхьэIу кIуэм и 27-м Налшык кьалэм и прокуратурэм сущыт иритащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Зэраубзыхуам тету

Къэбэрдей-Балъкъэрым цlыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыным и Iуэхущlапlэхэм пащэ ильэсиц хьуху зи сабийм кIэлъыплъ анэхэр пэжжыгъэм хуэгъэзэжырным, щlэрыщlэу егъэджэжыным, я Iэзэгъым хагъэхъуэным. Нобэ ирихьэлIэу цlыхуб 55-рэ щlэрыщlэу ирагъэджэжащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым Iэнатlэхэр зэрыщыIэпэубыдар кьэгъэщlэгъным хуэунэтIауэ мы гъэм щlхьэхуэу лэжьыгъэхэм я программмэм тету, «Гражданскэм кьыщlэкIхэр лэжьыгъэм зэрыхагъэгъуэзэнур» жьхуиIэ Iуэхугъуэр ягъэхьэзыращ. КъБР-м Цlыхухэр лэжьапlэкIэ кьыззэгъэпэщlу и кьэрал комитетым Iэщlагъэ кьахуэхэсыныр абы хуегъэджэныкIэ и кьудамэм и чэнджэщэгъу Гъудэ ФатIимэ кьыззэригъэпэгъуамкIэ, мази 8-м кьрибыдыдэу предприятэрэ организацэу 93-м зэгурыIуэныгъэу 180-рэ иращlыIлIащ. Мы Iуэхум Iэнатlэхэм я лIыкIуэ 42-рэ хашауэ IэщlагъэлI ныбжьыщlэхэм дагъэлажьэ.

КъБР-м Цlыхухэр лэжьапlэкlэ кьызззэгъэпэщlу и кьэрал комитетым и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Федеральнэ почтт зэпыщlэныгъэмкlэ и управленэм зэпымыууэ лэжьэн папщlэ почттэхьэхэр къещтэ.

Ди адресыр: Налшык кьалэ, Щоджэнцlыкlум и уэрам, 14, 4-нэ къат, кадрхэмкlэ кьудамэ.

Телефонхэр: 76-01-60, 76-01-07.

Ди кьуажэхэм я Iэщ хъущхэр мазиплIкIэ гъэмахуэ хьупIэхэм щыIэщ. Мы ильэсми аращ Хьэщэр хьуныр щыбзгъэщащ. *Сурэтыр* **ВЭРОКЪУЭ Заур** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудэж), **ЖъэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэж), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэж), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэныдзэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщl Иэз.**

КъыдзэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр

«Адыгэ псальэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5, ебгъуанэ-епщlанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущlапlэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкlэ, спортымрэ пресымэхэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм э - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм кьыщlыхьа бжьыгъэхэм, кьыщlэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьиныр и пщэ дэлыр КъБР-м федеральнэ почтт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хуитныгъэр хуэмэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щlэту ягъащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и щlэкIэ щыIэ урам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэжьыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къудзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2, 4-нэ нап.),* Щоджэн Иннэ *(1, 3-нэ нап.). Компьютеркlэ газетым и тепльэр щlащ* Мэлбахьэу Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщэ.

Номерыр «Адыгэ псальэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тралэм хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.820 ● Заказ №2267